



Pou Piblikasyon Imedya: 26/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO, SENATÈ SCHUMER, MANM KONGRÈ COLLINS, ANONSE  
GEN PLIS PASE 170 MILYON DOLA KI SEKIRIZE POU EDE DEVLOPE SIYAL  
ENTÈNÈT WO DEBI ATRAVÈ REJYON NÒ ETA NY**

***170 Milyon Dola Ap Konekte Rejyon Riral nan Nò Eta NY ak Mond lan***

Nan yon efò bipati, Gouvènè Andrew M. Cuomo, Senatè Ameriken Charles E. Schumer ak Manm Kongrè Chris Collins te anonse jodi a ke gen plis pase 170 milyon dola finansman federal ke yo ta ka voye nan lòt eta k ap retounen nan Rejyon Nò Eta New York pou devlope sèvis entènèt wo debi ak vitès rapid.

**Gouvènè Cuomo te deklare:** “Administrasyon sa te fè angajman san presede pou asire aksè a entènèt vitès rapid pou Nouyokè nan chak pati nan eta a, e aksyon sa ramne nou yon pa pi pre aksyon pou fè sa vin yon reyalite. Nou remèye Senatè Schumer pou lidèchip li nan kesyon sa e paske li travay ak nou ak rès Delegasyon Kongrè a pou asire finansman New York sa rete nan New York nan fason ki lejitim. Mwen te rekòmande Prezidan FCC (Federal Communications Commission) a, Pai tou pou desizyon sa, ki ap ede kontinye fè pwomosyon epi konekte yon pwogram entènèt wo debi ki enklizif san li pa kite okenn Moun New York dèyè.”

**Senatè Schumer te deklare:** “Sa se yon gwo nouvèl pou kominote riral nan tout Rejyon Nò Eta New York yo. Depi nan kòmansman, mwen te trè klè ak FCC ke 170 milyon dola sa se estrikteman pou New York li ye e yo ta dwe kenbe l isit la. Djòb gouvènman federal la se ta dwe pou investi pa pou sede nan aksè a entènèt Rejyon Nò Eta New York la. Alò, ak anons jodi a, lòt konpayi entènèt wo debi nan Rejyon Nò Eta a ap genyen opòtinite kounye a pou travay ak Eta a pou fè yon òf nan finansman sa pou amelyore aksè entènèt wo debi nan Rejyon Nò Eta a. Toutotan mwen se Senatè, mwen p ap janm kite Nouyokè yo soufri pou aksè nan entènèt wo debi, sèlman paske yon konpayi te chwazi pa investi nan New York.”

**Manm Kongrè, Collins te di:** “Aksè a entènèt wo debi enpòtan anpil pou Moun Lwès New York. Nou t ap chèche san pran souf pou n kenbe lajan sa nan Eta New York e mwen kontan anpil pou Moun Lwès New York ke FCC te koute. Lajan sa se yon investisman ki enpòtan anpil nan avni New York e mwen fyè dèske m te fè patenarya

ak Senatè Schumer ak Gouvènè Cuomo pou sa te fèt.”

Plizyè konpayi telekominikasyon ap itilize investisman federal ki soti nan Connect America Fund (Fon pou Konekte Amerik) pou devlope entènèt wo debi nan Rejyon Nò Eta a, men yon konpayi nasyonal pa t aksepte lajan ki yo te alwe l la. Komisyon Kominikasyon Federal la te vle pran lajan ki pa t itilize a nan men New York epi ofri l deyò nan nivo nasyonal. Pandan anviwon yon lane, Gouvènè Cuomo, Senatè Schumer ak Manm Kongrè Collins te mande FCC ranvèse tandans lan epi kenbe lajan ki deziyen pou New York nan New York epi pèmèt lòt konpayi yo itilize fon sa yo pou amelyore aksè a entènèt wo debi nan eta a.

Fon federal sa yo t ap konplèman 500 milyon dola pou Nouvo Pwogram Entènèt Wo Debi New York (New NY Broadband Program), Gouvènè Cuomo te anonse nan ane 2015 lan. Eta New York te pwopozè FCC aliye 170 milyon dola sa ak Nuovo Pwogram Entènèt Gwo Kapasite NY la pou founi sèvis ki pi bon, pi rapid e pi bon mache pou rezidan ki nan bezwen yo. Gouvènè Cuomo, Senatè Shumer ak Manm Kongrè Collins kontan ke FCC te aksepte òf patenarya sa.

Lajan CAF (Connect America Fund) sa ap itilize ansanm ak resous eta ki la deja yo pou finansè kèk domèn nan Etap 3 nan Nouvo Pwogram Entènèt Wo Debi NY la, k ap pote sèvis entènèt vitès rapid nan rejyon riral ki pa desèvi yo nan New York. Finansman federal la depann de investisman eta a epi li reafime angajman New York nan devlopman entènèt wo debi. Nouvo Pwogram Entènèt Wo Debi NY, 500 milyon dola an, ki bay finansman pou aksè entènèt wot vitès nan zòn ki defavorize ak mal desèvi yo nan eta a, se investisman ki pi gwo e ki pi anbisye nan entènèt wo debi eta a nan peyi a.

Nouvo Pwogram Entènèt Gwo Kapasite NY la fikse objektif li pou gen aksè a vitès 100 Mbps pou tout Nouyokè pa rapò ak 25 Mbps ki akseptab nan pifò rejyon ki pi elwanye ak rejyon riral yo. Objektif sa depase lajanman egzijans 10 Mbps pwogram CAF la e li egzije tou, pou pwòjè yo tèmine nan yon delè ki pi rapid. Anpil kay nan Rejyon Nò Eta New York pa reponn a objektif amelyore New York la ki se 100 Mbps pou vitès referans wo debi 25 megabit pa segond (Mbps) FCC a pou telechajman, e 3 Mbps pou transfè. Dapre Rapò Pwogrè Wo Debi 2015 FCC a (FCC's 2015 Broadband Progress Report), premye nòm 4 Mbps pou telechajman ak 1 Mbps pou transfè a – ki te fikse an 2010 la – demode e li pa apwopriye pou evalye si se wo debi avanse ki deplwaye pou tout Ameriken nan moman ki opòten. Lè n ogmante nòm pou vitès wo debi a, sa nesèsè paske yon sèl koneksyon entènèt alimante jeneralman yon kantite aparèy ki konekte nan yon kay. Sa vle di, toutotan gen plis aparèy ki konekte, se plis vitès la degrade pou chak itilizatè patikilye.

Dapre rapò 2015 FCC a, lè n itilize referans sèvis ki ajou a, sa vle di ke anviwon 55 milyon Ameriken – 17 pousan popilasyon total la – manke aksè a entènèt wo debi avanse. Eka sa evidan patikilyèman ant zòn iben ak zòn riral yo. An reyalyte, plis pase mwatye Ameriken riral yo manke aksè a sèvis entènèt 25Mbps/3 Mbps la.

Dapre Eta New York, nan mwa Desanm 2015, te genyen anviwon 239,177 fanmi atravè Rejyon Nò Eta New York ki pa t gen aksè a sèvis 25 Mbps. Dapre FCC, te genyen 78,245 fanmi nan Rejyon Nò Eta NY la kote Verizon pa t aksepte finansman an. Konfòmeman ak Manda FCC te emèt la, Eta New York ap akòde finansman 170 milyon dola yo pa t akspte sa sou 10 zan ansanm ak pwochen etap vant ozanchè entènèt wo debi li a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418